

# Leson nou aprann nan zafè sansibilizasyon sou dwa moun lgbti yo

1

## Chwazi yon mesaj ki mete tout moun ladan I : tout moun gen menm dwa

Yon mesaj ki ensiste sou karaktè inivèsèl dwa moun(sa vle di tout dwa yo, se pou tout moun, tout kote), an jeneral, se yon mesaj yo akeyi byen.

### Siksè :

- Men yon legzanz eslogan ki mete tout moun ladan I e ki fè pwemosyon pou dwa moun LGBTI yo nan domèn lasante:  
*Lasante, se pou tout moun.*
- Nan yon kanpay sansibilizasyon, yo sèvi ak yon seri pawòl tout moun dakò sou yo tankou : non-diskriminasyon, egalite, dwa moun.
- Yon lòt egzanp : yon animatris fè sonje lè moun LGBTI yo ap reklame menm dwa ak tout moun, se pa kèk privalèj espesyal y ap mande, se dwa yo y ap defann .

2

## Vize dabò alye yo ak sila yo ki posib pou vin alye tou

Lè nou abòde an premye moun ki deja dakò pou dwa moun LGBTI yo respekte – oubyen moun ki posib pou wè bagay yo konsa, sa bay plis rezulta pase si n abòde tout moun alawonnbadè an menm tan.

### Siksè :

- Pou yon atelye sou dwa moun LGBTI yo, se envitasyon nou voye bay yon seri moun nou panse ki ka alye nou e ke nou te seleksyonne davans.
- Yon gwoup LGBTI apwoche yon òganizasyon k ap defann dwa moun pou mande I mennen ansanm ak li yon aktivite.

## 3

### Ankouraje sansibilizasyon ki fèt pa mwayen moun ki nan menm sitiayson an

Lè se yon moun ou idantifye tèt ou avè l, ou santi li reprezante w, li pi fasil pou aksepte mesaj li.

#### Siksè :

- Yon polisye anime yon atelye sou dwa moun LGBTI yo pou anplwaye PNH.
- Jèn LGBTI yo jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib nan men moun k ap viv menm sitiayson avèk yo k ap fè fòmasyon pou yo.

## 4

### Mennen aktivite tou pre lakay moun yo e ki adapte a sitiayson y ap viv

Kanpay nan medya yo pi efikas lè yo mache ak lòt aktitive ki pi espesifik pou moun nou vle touche yo, tankou atelye sansibilizasyon, inisyativ lokal, elatriye., ki koresponn a reyalite epi enterè gwoup nou vize a.

#### Siksè :

- Organize yon seminè a moun nan inivèsite kote ou yo abòde pwoblèm moun LGBTI yo.
- Detan y ap mennen yon kanpay afich pou fè konnen dwa moun LGBTI, yo tou òganize yon seri atelye onivo lokal sou menm kesyon an.

## 5

## Mobilize plizyè òganizasyon sou yon menm objektif

Lè gwoup LGBTI yo, sosyete civil la, enstitisyon leta yo ak lòt aktè mete vwa yo ansanm, mesaj yo vle fè pase a rive pi byen, pi lwen.

### Siksè :

- Sosyete civil la, divès moun k ap fè biznis ak divès enstitisyon Leta mete tèt yo ansanm pou fè pwomosyon pou prensip non-diskriminasyon nan zafè bay moun travay.
- Nan yon vil pwovens, divès moun ki soti toupatou mete tèt yo ansanm pou selebre *Jounen mondyal kont omofobi ak transfobi a*.

---

*Chak jou pi plis gen jèn LGBTI k ap pran lapawòl. Yo gen lidèchip ak enfliyans. Se yon siksè ak yon lespwa pou dwa moun LGBTI yo ann Ayiti.*

– Manm sosyete civil, 2019